Gid Eta New York sou Pwoteksyon Dwa Elèv Imigre yo

Janvye 2025 (mizajou: Desanm 2025)

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG) la, Biwo Gouvènè New York la, Kathy Hochul, ak Depatman Edikasyon Eta New York (SED) la pataje yon angajman depi lontan pou pwoteje dwa tout elèv, enkli elèv ki pa sitwayen ameriken. Biwo nou yo te deja pibliye direktiv sou plizyè sijè pou distri lekòl yo ak ajans eta yo pou asire elèv imigre New York yo genyen aksè egal nan edikasyon ak lòt sèvis piblik yo.[1] Fas ak menas resan yo pou ogmantasyon aksyon federal nan zafè imigrasyon nan kominote nou yo, nou reyafime lekòl yo dwe rete yon kote ki an sekirite kote yo akeyi tout elèv yo epi bay yo resvwa edikasyon piblik gratis.

Gid sa a souliye ak klarifye resous ki enpòtan pou distri lekòl yo konsènan obligasyon yo anba lalwa federal ak eta a. Menm si gid sa a pa adrese règleman lokal ki ka bay pwoteksyon adisyonèl, distri lekòl yo ta dwe konnen tout règleman ki gouvène operasyon yo. Pou nenpòt kesyon sou konfòmite, nou ankouraje distri lekòl yo kontakte SED la ak OAG la.[2]

I. Kondisyon Admisyon ak Enskripsyon

Dapre lalwa Eta New York, tout timoun ki gen ant 5 lane jiska 21 lane ki poko diplome nan lekòl segondè gen dwa pou resevwa yon edikasyon piblik gratis nan distri kote yo abite a.[3] Distri lekòl yo pa ka refize admisyon yon elèv sou baz orijin nasyonal li, estati imigrasyon li, ras li, oswa konpetans lang li, ni sou okenn lòt baz diskriminatwa.[4] Tribinal Siprèm Etazini an te deklare tou, depi lontan, yo pa ka refize elèv yo yon edikasyon piblik gratis akoz estati imigrasyon yo oswa pa paran yo oswa pa gadyen yo.[5] Règleman lekòl ki anpeche aksè egal nan edikasyon kapab ekspoze distri yo ak responsablite legal epi febli kominote lekòl yo.

Pou asire tout elèv yo byenvini nan lekòl New York yo, nou raple distri lekòl yo yo pa dwe mete baryè diskriminatwa pou anpeche enskripsyon oswa dekouraje elèv imigre yo pou yo enskri.[6] Se poutèt sa, lekòl yo dwe pran an konsiderasyon plizyè prèv rezidans nan yon distri epi mete yon lis, ki pa nesesèman konplè, disponib pou piblik la sou fòm dokiman ki akseptab.[7] Lekòl yo pa gen dwa mande kat oswa nimewo Sekirite Sosyal, oswa nenpòt enfòmasyon ki ta ka revele estati imigrasyon nan moman enskripsyon an.[8] Epi lekòl yo dwe imedyatman enskri elèv migran yo ak sila ki pa gen lojman yo, menm si yo pa gen prèv rezidans, vaksen, dosye lekòl, oswa lòt dokiman ki anjeneral obligatwa pou enskripsyon.[9] Pou plis konsèy sou obligasyon federal yo ak eta a konsènan enskripsyon, nou ankouraje distri lekòl yo konsilte Gid Enskripsyon Konjwen 2023 nou an.[10]

Anplis, Lwa Federal McKinney-Vento pou Asistans pou Sanzabri yo (McKinney-Vento Homeless Assistance Act), ansanm ak Lwa Edikasyon New York la (New York Education Law) ak règleman aplikasyon li yo, kreye yon obligasyon pozitif pou distri lekòl yo bay elèv ki sanzabri oswa k ap viv nan lojman tanporè aksè nan edikasyon, tankou abri pou migran yo.[11] Gid Konjwen McKinney-Vento 2021 nou an eksplike an detay ki jan distri lekòl yo dwe ranpli obligasyon legal yo pou satisfè

bezwen elèv ki sanzabri yo.[12] Li souliye elèv sa yo gen dwa ak enskripsyon imedya, swa nan lekòl aktyèl yo a oswa kote yo ye nan moman an, menm si yo pa nan menm distri a.[13] Lekòl yo responsab pou idantifye timoun ak jèn ki sanzabri ki bezwen asistans, epi yo responsab anjeneral pou bay transpò pou elèv la ale ak soti nan lojman tanporè li a.[14] Pou plis resous konsènan aplikasyon Lwa McKinney-Vento a ak sipò pou elèv ki sanzabri yo, nou ankouraje distri lekòl yo kontakte Sant Asistans Teknik ak Edikatif Eta New York la pou Elèv Sanzabri yo (NYS-TEACHS).[15]

II. Koleksyon Enfòmasyon sou Elèv yo ak Aksè nan Dosye Elèv yo

Lalwa federal ak eta a, sitou Lwa 1974 sou Dwa nan Edikasyon Familyal ak Pwoteksyon Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act of 1974 - FERPA), jeneralman entèdi divilgasyon enfòmasyon pèsonèl idantifyab (PII) san konsantman paran yo.[16] Nan ka sa a, lekòl yo ka divilge PII yo sèlman si se enfòmasyon anyè oswa si yo bay yo kòm repons yon "desizyon lajistis oswa manda arestasyon ki emèt legalman."[17] Enfòmasyon anyè yo enkli enfòmasyon tankou non yon elèv, adrès, ak nimewo telefòn li.[18] Yo pa enkli enfòmasyon oswa dokiman sou estati imigrasyon, sitwayènte, oswa orijin nasyonal, epi lekòl yo pa ta dwe chèche kolekte enfòmasyon sa yo nan yon fason aktif sof si yo oblije fè sa. Si enfòmasyon sa yo nesesè pou patisipasyon nan yon pwogram espesifik oswa pou fè yon rapò, yo ta dwe kolekte yo apre pwosesis enskripsyon an epi yo dwe rete anonim nan mezi sa posib. Dapre eksepsyon ki endike anwo a konsènan yon desizyon lajistis oswa yon sitasyon yo emèt legalman,[19] lekòl yo pa oblije pataje enfòmasyon elèv yo ak fòs lòd federal yo oswa lokal yo.[20]

FERPA entèdi lekòl yo tou divilge dosye ki genyen enfòmasyon sou estati imigrasyon elèv yo bay Ajan Sekirite Lekòl yo (SRO) san konsantman yon paran, gadyen legal oswa elèv ki pa minè, eksepte nan sèten sikonstans kote yo konsidere SRO yo kòm fonksyonè lekòl yo.[21] Menm lè sa a, SRO yo ka sèlman itilize enfòmasyon pèsonèl ki soti nan dosye edikasyon pou objektif edikasyon lejitim yo t ap chèche enfòmasyon yo te mande a, sa vle di, pou ankouraje sekirite akademik ak fizik elèv yo. Biwo nou yo ap fè w sonje enfòmasyon konsènan estati imigrasyon sa yo pa satisfè objektif sekirite lekòl sa yo oswa objektif edikasyon lejitim sa yo. Se poutèt sa, SRO yo pa ta dwe egzamine dosye lekòl yon elèv pou jwenn enfòmasyon sou estati imigrasyon li.[22] Anplis, lè SRO yo divilge enfòmasyon sa yo, yo kapab vyole tou limit FERPA a fikse sou divilgasyon ak redivilgasyon PII ki nan dosye edikasyon yo.[23]

Si yon ajan fòs lòd federal oswa lokal mande enfòmasyon sou yon elèv, lekòl la pa dwe divilge enfòmasyon sa a epi li dwe mande pito sitasyon an oswa lòt dokiman ki jistifye demann nan. Lè lekòl la resevwa dokiman an, li dwe kontakte avoka li anvan li divilge nenpòt enfòmasyon sou elèv la.[24] Lekòl yo dwe notifye Biwo Pwoteksyon Vi Prive SED la sou nenpòt kalite demann sa yo.[25]

Anplis, nou rekòmande pou distri lekòl yo:

» Re-egzamine règleman enfòmasyon anyè yo pou asire yo pa gen ladan yo enfòmasyon ki ta ka divilge estati imigrasyon yon elèv pa aksidan. Sa ka gen ladan kote elèv la fèt, nasyonalite li, oswa enfòmasyon sou paspò li.[26] Anplis, eksepsyon konsènan enfòmasyon anyè yo opsyonèl epi li ka sèlman gen ladan enfòmasyon yo "jeneralman pa ta konsidere kòm danjere oswa yon vyolasyon vi prive si yo divilge li."[27] Distri lekòl yo ka vle aplike tou yon politik sou enfòmasyon anyè limite ki pèmèt yon òganizasyon edikatif "limite deziyasyon anyè a nan kèk pati espesifik, pou rezon espesifik, oswa toude."[28] Apre sa, paran ak elèv yo gen dwa chwazi entèdi divilgasyon enfòmasyon anyè yo lè yo mande lekòl la yon fòmilè pou refize divilgasyon enfòmasyon anyè yo;[29]
» Repibliye avi FERPA anyèl distri a pou enfòme paran ak gadyen legal yo (si sa aplikab) sou dwa yo pou yo opoze politik distri a nan kesyon divilgasyon enfòmasyon anyè, ki tradui nan lang prensipal elèv yo pale lakay yo nan distri a, si sa posib;[30]
» Notifye paran oswa gadyen legal yo (si sa aplikab) imedyatman si ajan fòs lòd federal yo oswa lokal yo te mande enfòmasyon sou pitit yo;[31] epi
» Re-egzamine enfòmasyon yo deja kolekte pou detèmine si enfòmasyon sa yo ta ka divilge estati imigrasyon yon elèv oswa paran san nesesite epi si koleksyon enfòmasyon sa yo nesesè.

Dapre lalwa Eta a, elèv yo ak fanmi yo ka depoze plent konsènan divilgasyon PII yo san otorizasyon nan Biwo Pwoteksyon Vi Prive SED la.[32]

III. Aksyon Fòs Lòd yo pou Detni, Entèwoje, oswa Retire Elèv yo nan Etablisman Lekòl la

Gen plizyè lwa federal ak eta a, tankou Lwa sou Edikasyon Eta New York la (New York Education Law), Lwa sou Tribinal Fanmi Eta New York la (New York Family Court Act), ak desizyon Lakou Siprèm Etazini an nan ka *Plyler v. Do*e a, ki enpoze obligasyon sou distri lekòl yo konsènan detansyon, entèwogasyon, ak retrè elèv yo nan etablisman lekòl la. Nenpòt neglijans nan respè obligasyon sa yo ka ekspoze distri lekòl yo ak konsekans legal. Se poutèt sa ajans nou yo ap raple epi klarifye Gid Konjwen 2017 ak 2019 yo sou Edikasyon sou Imigrasyon pou distri lekòl yo, sou obligasyon legal ak pwosedi yo dwe suiv lè ajan fòs lòd yo ap chèche jwenn aksè ak yon elèv.[33]

Premyeman, nou reyafime pozisyon Depatman Edikasyon Eta New York (SED) la depi lontan, ki di ajan fòs lòd yo pa ka retire yon elèv nan etablisman lekòl la oswa kesyone li san konsantman yon paran oswa yon gadyen legal, eksepte nan sikonstans limite ki dekri anba a.[34] Anplis, Dekrè Egzekitif Eta New York 170.1 la presize otorite imigrasyon federal yo pa ka fè arestasyon sivil nan etablisman piblik eta yo, tankou lekòl yo, sof si otorite sa yo genyen yon manda oswa yon òdonans lajistis ki otorize detansyon, sof si arestasyon sivil la gen rapò ak yon pwosedi k ap dewoule nan etablisman an.[35] Pwoteksyon sa yo aplike menm si ajan fòs lòd yo deklare y ap chèche enfòmasyon konsènan byennèt yon elèv. [36]

Anplis, pwoteksyon sa yo aplike tou pou transpò lekòl la.[37] Distri lekòl ki ofri transpò pou elèv yo dwe ofri li "egalman pou tout timoun ki nan menm sikonstans yo,"[38] epi obligasyon distri yo pou pran swen elèv ki anba responsablite yo pwolonje nan transpò lekòl la tou.[39]

Lè yon ajan fòs lòd federal oswa lokal (enkli Ajan Sekirite Lekòl yo) fè yon demann oral oswa alekri pou detni oswa entèwoje yon elèv, pèsonèl lekòl la, ki gen ladan chofè otobis lekòl yo, sipèvizè yo, ak akonpayatè yo[40] — kòm yon pati nan wòl yo kòm edikatè pou tout timoun — ta dwe konsidere bagay sa yo, anplis politik espesifik distri a:

(1) Pa otorize ajan yo antre nan etablisman lekòl la pou gen aksè ak yon elèv, eksepte pou adrese yon sitiyasyon sekirite iminan oswa lè lalwa egzije sa o yon manda oswa yon òdonans lajistis;

(2) Sonje genyen divès fòm dokiman yon ajan ka prezante, epi se pa tout ki sifi legalman pou jistifye divilgasyon dosye oswa akòde aksè ak yon elèv. Ou ta dwe mande ajan an pou dokiman yo. Dokiman sa yo ka pran plizyè fòm, tankou:

a. Manda oswa òdonans lajistis: Yon manda oswa yon òdonans lajistis yon Jij Distri Etazini oswa yon (Jij) Majistra Federal siyen epi ki demontre gen yon motif rezonab pou kwè yon moun te komèt yon krim oswa yon deli.[41]

b. Manda administratif: Otorite federal imigrasyon yo prepare epi emèt yon manda administratif, ki mande ajan federal yo pou yo arete yon moun ki pa sitwayen ameriken pou yo ka ekspilse (depòte) li oswa pou yo ka antame pwosedi ekspilsyon li.[42] Li pa yon manda jidisyè epi li pa bay yon motif rezonab pou kwè yon moun te komèt yon krim oswa yon ofans paske, kòm yon règ jeneral, sa pa yon krim lè yon moun ki pa gen papye rete Ozetazini.[43]

c. Demann “retansyon” imigrasyon: Yon demann retansyon imigrasyon ("immigration detainer") se yon demann, anjeneral, otorite federal imigrasyon yo voye bay fòs lòd lokal yo, pou kenbe yon moun nan prizon pou jiska 48 èdtan apre dat pou lage moun nan pwograme. Li pèmèt otorite federal yo gen plis tan pou yo detèmine si y ap pran moun nan an chaj pou angaje pwosedi aplikasyon lalwa nan kesyon imigrasyon.[44]

Anplis, pèsonèl lekòl la ta dwe mande pou wè badj oswa yon lòt pyès idantite ofisyèl ajan an, epi pran nòt sou non li ak òganizasyon li a pou rezon dokimantasyon.[45]

(3) Anvan nenpòt lòt aksyon, pataje dokiman yo ak sipè-entandan epi avoka distri lekòl la, yo pral evalye nan yon kontèks demann ki fè respekte lalwa, epi tann konsèy anvan yo kontinye; epi

(4) Avize paran oswa gadyen elèv la imedyatman (si sa aplikab) sof si yo entèdi sa (pa egzanp, ak yon lòdonans lajistis).

Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019 nou an te klarifye tou obligasyon distri lekòl yo pou asire SRO yo respekte dwa elèv ki pa gen papye yo pou yo ale lekòl san yo pa pè konsekans imigrasyon negatif.[46] N ap raple distri lekòl yo SRO yo pa dwe detni oswa kesyone elèv yo pou detèmine estati imigrasyon yo. Katriyèm Amannman an entèdi SRO yo detni oswa kesyone yon elèv sof si yo gen yon motif ki rezonab pou kwè elèv la te vyole politik lekòl la oswa komèt yon zak ilegal ki te menase “bezwen sekirite espesyal nan lekòl la.”[47] Yo ta dwe pran aksyon sa sèlman anba enstriksyon yon responsab lekòl la epi sèlman pou mennen ankèt sou swadizan vyolasyon politik la oswa zak ilegal la.[48] Estati imigrasyon yon elèv pa afekte sekirite oswa politik lekòl la epi li p ap janm jistifye detansyon oswa entèwogasyon nan espas lekòl la.[49]

Vrèmanvre, pratik ilegal sa yo, lè yo baze sou ras, etnisite, orijin nasyonal, sitwayènte oswa estati imigrasyon yon elèv, yo ka vyole tou Konstitisyon eta a ak divès lwa sou dwa sivil federal yo ak eta a.[50] Distri lekòl ki otorize SRO yo vyole pwoteksyon legal sa yo riske angaje responsabilite yo si yo pa byen fòme ak sipèvize SRO yo nan lekòl yo.[51]

Dapre Lwa sou Edikasyon Eta New York la, distri lekòl ki anplwaye SRO yo dwe defini fòmèlman wòl yo ak domèn responsablite yo atravè yon kontra alekri oswa yon pwotokòl akò (MOU) ki elabore ak kontribisyon moun ki konsène yo.[52] Biwo nou yo konseye distri lekòl yo enkòpore politik ak pwosedi pou pwoteje dwa elèv ki pa gen papye yo nan kontra yo oswa pwotokòl akò yo ak SRO yo,[53] tankou:

(1) Restriksyon ki klèman defini sou kapasite SRO yo pou jwenn ak redivilge dosye elèv ki gen enfòmasyon ki kapab revele estati imigrasyon elèv yo. Sa enkli si SRO yo se "responsab lekòl la" ki gen otorizasyon pou jwenn aksè nan dosye elèv yo;

(2) Politik ki entèdi SRO yo kesyone elèv yo ak manm fanmi yo sou estati imigrasyon yo;

(3) Angajman SRO yo ak pèsonèl lekòl la pou yo pa pataje ak otorite imigrasyon yo enfòmasyon sou estati imigrasyon elèv yo oswa manm fanmi yo, sof si lalwa egzije sa;[54]

(4) Politik ki entèdi SRO yo detni elèv yo sou demann otorite imigrasyon yo, fè arestasyon ki baze sou manda imigrasyon sivil yo, reponn demann otorite imigrasyon yo fè pou notifikasyon oswa transfè, oswa itilize enstalasyon kanpis yo pou rezon aplikasyon lwa imigrasyon, sof si lalwa egzije sa; Epi

(5) Obligasyon pou tout SRO yo konsilte sipè-entandan an oswa lòt responsab lekòl la deziyen anvan yo vyole mezi pwoteksyon ki endike anwo yo.

IV. Entimidasyon ak Asèlman

Lalwa Eta New York ak federal entèdi asèlman ak entimidasyon sou elèv oswa anplwaye yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, gwoup etnik, sitwayènte oswa estati imigrasyon, pami lòt bagay.[55] Nou ankouraje distri lekòl yo re-egzamine konsèy ak resous pase ajans nou yo sou Lwa sou Diyite pou Tout Elèv yo (Dignity for All Students Act) pou yo konprann obligasyon legal yo genyen pou kreye yon anviwònman lekòl ki san asèlman ak entimidasyon.[56] Obligasyon sa yo enkli: elabore politik pou adrese konpòtman sa yo; fòmasyon anplwaye yo sou politik distri a epi enkòpore yo nan kòd konduit distri a; bay elèv yo ansèyman ki vize dekouraje entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon; epi rapòte ensidan yo bay SED la.[57]

Anplis, lalwa Eta New York entèdi vize yon moun oswa byen li pou fè vyolans, menas, oswa asèlman akoz ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, laj, andikap, oswa oryantasyon seksyèl moun nan.[58] Inite Prevansyon Krim Rayisman ak Prejije nan Biwo Pwokirè Jeneral la kapab lanse envestigasyon ki pa kriminèl sou vyolasyon lwa sa a epi li kapab bay distri lekòl yo resous apwopriye.[59]

V. Detansyon oswa Ekspilsyon Manm Fanmi yon Elèv

Elèv yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, gendwa genyen paran, gadyen, oswa lòt manm fanmi yo te arete oswa ekspilse (depòte). Nous ankouraje distri lekòl yo pou asire tout elèv ak fanmi yo bay kowòdone kontak ijans ki ajou, sa ki enkli kontak ijans segondè. Sa a ka patikilyèman enpòtan lè aplikasyon lwa imigrasyon an afekte kapasite yon paran oswa yon gadyen pou pran swen timoun nan. Nou rekòmande tou pou distri lekòl yo devlope yon plan sou ki jan pèsonèl lekòl yo ka jwenn aksè nan kowòdone kontak ijans yo epi fasilite transpò elèv yo an sekirite bay moun sa yo si sa nesesè. Distri lekòl yo ka bay elèv yo ak fanmi yo enfòmasyon sou resous legal ak kominotè ki enpòtan yo, sa ki enkli sa yo bay nan anèks la.

Gen kèk elèv ki pral enfòme anplwaye lekòl la si otorite imigrasyon yo te kontakte yo deyò lekòl la. Si yon elèv resevwa yon lèt, yon apèl telefonik, oswa nenpòt lòt kominikasyon nan men otorite imigrasyon yo, pèsonèl lekòl la ta dwe ankouraje elèv la pou l kontakte avoka imigrasyon li imedyatman. Si elèv la pa gen yon avoka imigrasyon, lekòl yo ka refere elèv yo bay Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636.

VI. Anèks: Resous

Resous Biwo Gouvènè a pou Elèv yo ak Fanmi yo:

» Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo ede imigre yo jwenn aksè ak navige nan sèvis ak sipò gratis atravè rezo founisè kominotè li yo nan tout eta a. Pou plis enfòmasyon, vizite https://dos.ny.gov/office-new-americans.

» Pou resous pou elèv ki sanzabri yo, vizite paj sa a: Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la, Jèn ki Kite Kay yo e ki Sanzabri, https://ocfs.ny.gov/programs/youth/rhy.

» Pou resous pou elèv ak adilt ki sibi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, relijyon, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa lòt klasifikasyon pwoteje, vizite paj sa a: Divizyon Dwa Moun Eta New York https://dhr.ny.gov/complaint.

Resous Depatman Edikasyon Eta New York la:

» Kontakte Biwo Pwoteksyon Vi Prive Depatman Edikasyon Eta a nan:

  » **Adrès**: 89 Washington Avenue, EB 152, Albany, NY, 12234

  » **Telefòn**: 518-474-0937

  » **Imèl**: Privacy@nysed.gov

» Pou depoze yon plent pou pwoteksyon vi prive ki di yon moun ki pa otorize te divilge enfòmasyon pèsonèl yon elèv oswa te jwenn aksè nan enfòmasyon pèsonèl yon elèv, vizite paj sa a: Depatman Edikasyon Eta New York, Paran ak Elèv Depoze Plent pou Pwoteksyon Vi Prive, https://www.nysed.gov/data-privacy-security/parents-and-students-file-privacy-complaint.

» Pou kesyon konsènan gid sa a, kontakte Biwo Konsèy Depatman Edikasyon Eta New York la nan:

  » **Telefòn**: 518-474-6400

  » **Imèl**: legal@nysed.gov

Resous Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la:

» Pou depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, vizite: https://ag.ny.gov/file-complaint/civil-rights

» Pou depoze yon plent pou krim rayisman nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, vizite: https://ag.ny.gov/publications/hate-crimes

» Pou jwenn enfòmasyon sou avoka oswa reprezantan ki akredite pou pwosedi ki gen rapò ak imigrasyon ak resous pou evite fwod imigrasyon, vizite paj sa a: Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, Konnen Dwa Ou, Fwod nan Sèvis Imigrasyon, https://ag.ny.gov/publications/immigration-services-fraud.

» Pou ede w elabore yon plan nan ka ta gen risk detansyon oswa ekspilsyon (depòtasyon) pou yon manm fanmi w, vizite Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, Resous planifikasyon familyal avanse, https://ag.ny.gov/advanced-family-planning-resources

» Pou kesyon konsènan gid sa a, kontakte Biwo Dwa Sivil Pwokirè Jeneral Eta New York la nan:

  » **Imèl**: civil.rights@ag.ny.gov

1. Gid pètinan yo sou edikasyon sou imigrasyon OAG la ak SED la pibliye, enkli: OAG ak SED, lèt "*Dear Colleague (Chè Kòlèg)*" (27 Fevriye 2017), *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/sites/default/files/oag-sed-letter-ice-2-27-17.pdf ("Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2017"); \OAG ak SED, *lèt "Dear Colleague (Chè Kòlèg)"* (29 Out 2019), disponib nan adrès sa a: https://ag.ny.gov/sites/default/files/joint_oag-sed_-_ice_sros_in_schools_w_ag_signature.pdf ("Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019"); OAG ak SED, *"Lèt "Chè Kolèg"* (16 Fevriye 2021), *disponib nan* https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/coronavirus/mckinney-vento-guidance.pdf ("Gid McKinney-Vento Konjwen 2021"); OAG ak SED, Konnen Dwa w yo ak *lèt "Dear Colleague (Chè Kòlèg)* (28 Out 2023), *disponib nan adrès sa a:* https://ag.ny.gov/sites/default/files/letters/kyr-ed.pdf ("Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2023"); Memorandòm John M. Ebert pou Sipè-entandan Distri yo ak lòt moun, Konsènan Gid ak Resous ki Disponib pou Konbat Asèlman, Entimidasyon ak Diskriminasyon nan Lekòl yo akoz dènye Mezi ki Gen Rapò ak Imigrasyon li Resevwa yo, Depatman Edikasyon Eta New York, 27 Fevriye 2017, *disponib nan adrès sa a*: https://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/dasa-guidance ("2017 DASA Memo"). *Gade tou* Biwo Konseye Jiridik SED la, Deklarasyon sou Dwa Nouvo Imigre yo (15 Out 2023), *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/bilingual-ed/8-14-23-oc-ltr-re-new-arrivals-a.pdf. Dekrè Egzekitif Nimewo 6 nan dat 8 Oktòb 2021, ki pwolonje Dekrè Egzekitif 170 (E.O. 170), ki te pibliye ofisyèlman 15 Septanm 2017, *disponib nan adrès sa a:* https://www.governor.ny.gov/executive-order/no-6-continuation-and-expiration-prior-executive-orders and N.Y. Comp. Codes R. & Regs. (N.Y.C.R.R.), Tit. 9, § 8.170, Dekrè Egzekitif 170 entèdi ajan ak anplwaye eta a, enkli fòs lòd yo, pou yo mande enfòmasyon sou estati imigrasyon yon moun sof si sa nesesè pou detèmine si li kalifye pou benefis sosyal oswa jan lalwa egzije sa. Dekrè Egzekitif 170 la entèdi yo tou divilge enfòmasyon bay otorite imigrasyon federal yo sof si lalwa egzije sa.

FB *Gade* anèks la pou kowòdone OAG la ak SED la.

GB N.Y. Educ. Law § 3201-02 et 3209 ; N.Y. Exec. Law § 296(4)

HB N.Y. Educ. Law § 296(4) (Lwa Egzekitif Eta New York, seksyon 296(4)); 2023 Joint Enrollment Guidance, (Gid Konjwen sou Enskripsyon 2023, *nòt l anwo a*); *gade* tou 8 NYCRRR 154-2.1(a) ("Chak distri lekòl dwe bay elèv k ap aprann lang angle yo aksè egal nan tout pwogram ak sèvis lekòl yo ofri nan distri lekòl la[.]").

IB *Plyler v. Doe*, 457 U.S. 202 (1982); gade tou *Hisp. Int. Coal. v. Governor of Ala.* 691 F.3d 1236, 1247 (11th Cir. 2012) (deklare enkonstitisyonèl yon politik ki sanble net ki "dekouraje anpil timoun san papye pou yo enskri epi ale lekòl") (site nan Plyler, 462 U.S.).

JB 2023 Joint Enrollment Guidance (Gid Enskripsyon Konjwen 2023), *nòt l anwo a*.

KB *Id.*; 8 N.Y.C.R.R. § 100.2(y).

LB 8 NYCRR § 100.2(y)(3)(i)(a). Nan limit distri lekòl yo oblije kolekte enfòmasyon sou estati imigrasyon an dapre egzijans federal oswa eta yo, yo ta dwe fè sa apre elèv la fin enskri pou evite sijere enfòmasyon sa a pral sèvi pou detèmine kalifikasyon pou enskripsyon. 2023 Joint Enrollment Guidance (Gid Enskripsyon Konjwen 2023) *nòt l anwo a*, paj 1-2.

M. 2023 Joint Enrollment Guidance (Gid Enskripsyon Konjwen 2023), *nòt l anwo a*: 42 U.S.C. § 11432(g)(3)(C)(i); N.Y. Educ. Law § 3209(2)(f)(2). Pou tout elèv yo rete enskri, yo dwe resevwa omwen premye dòz tout vaksen ki obligatwa yo nan espas 14 jou apre enskripsyon an. Depatman Sante Eta New York, School Vaccination Requirements (Kondisyon pou Vaksinasyon Lekòl) (revize an Out 2023), *disponib nan adrès sa a:* https://www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools/school_vaccines. Si yon timoun ki sanzabri oswa ki nan yon sitiyasyon enstabilite rezidansyèl "dwe pran vaksen an... lekòl ki enskri l la dwe imedyatman refere paran oswa gadyen timoun nan oswa jèn nan, oswa (nan ka yon jèn ki pa gen akonpayatè) jèn nan li menm, bay ajan sekirite ajans edikasyon lokal la... ki pral ede l jwenn vaksen oswa tès depistaj ki nesesè yo . . .[.]" 42 U.S.C. § 11432(g)(3)(C)(iii).

EDB 2023 Joint Enrollment Guidance (Gid Enskripsyon Konjwen 2023), *nòt l anwo a*.

EEB 42 U.S.C. § 11431 et seq.; N.Y. Educ. Law § 3209 et seq.

EFB 2021 Joint McKinney-Vento Guidance (Gid Konjwen McKinney-Vento 2021), *nòt l anwo a*.

EGB *Id.*

EHB 42 U.S.C. § 11432(e)(3)(E)(i)(III), (g)(6)(A)(i); N.Y. Educ. Law § 3209(4)(c); 8 N.Y.C.R.R. § 100.2(x)(7)(iii)(a)(2).

EIB Sant Asistans Edikatif ak Teknik Eta New York pou Elèv Sanzabri (NYS-TEACHS), *disponib nan adrès sa a:* www.nysteachs.org; Liy asistans NYS-TEACHS: 1-800-388-2014.

EJB 20 U.S.C. § 1232g ; 34 C.F.R. § 99 ; N.Y. Educ. Law § 2-d ; 8 N.Y.C.R.R. Part 121, § 200.5(e)(2) ; N.Y. Gen. Mun. Law § 805-a (ki entèdi fonksyonè ak anplwaye minisipal yo "divilge enfòmasyon konfidansyèl yo kolekte... nan kad fonksyon ofisyèl [yo][.]"). Divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl kapab tou yon rezon revokasyon; *gade*, *pou egzanp*, *Appeal of Nelson* 49 Ed. Dept. Rep., Decision No. 15,964 (Apèl Nelson an 49 Rapò Depatman Edikasyon an, Desizyon No 15964) (14 Out 2009), disponib nan adrès sa a: https://www.counsel.nysed.gov/Decisions/volume49/d15964; *Appeals of Ziegelbauer*, 62 Ed. Dept. Rep., Decision No. 18,143 (Apèl Ziegelbauer, 62. Rapò Depatman Edikasyon an, Desizyon No 18,143) (7 Jiyè 2022), disponib nan adrès sa a: https://www.counsel.nysed.gov/Decisions/volume62/d18143. Gade 8 U.S.C. § 1373 (fonkysonè gouvènman yo pa ka entèdi oswa mete restriksyon sou lè antite gouvènman yo pataje, konsève, oswa echanje enfòmasyon sou sitwayènte oswa estati imigrasyon men sa pa kreye yon obligasyon pozitif pou kolekte oswa divilge enfòmasyon sa yo).

EKB *Gade an jeneral* 34 C.F.R. § 99.31.

ELB Memorandòm Louise DeCandia a pou Sipè-entandan Distri Lekòl yo ak lòt moun, konsènan Enfòmasyon Anyè a, SED, 7 Jen 2023, *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/data-privacy-security/directory-guidance-final-june-2023.pdf ("Memorandum DeCandia").

EMB Jan yo eksplike sa nan 2017 Joint Immigration Education Guidance (Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2017) la (gade nòt 1 pi wo a), gen eksepsyon limite nan règ konfidansyalite FERPA a, jan sa defini nan règleman aplikasyon lwa sa a. Eksepsyon sa yo enkli demann moun ki espesyalman deziyen nan gouvènman federal la fè, men sèlman "nan koneksyon avèk yon odit oswa evalyasyon pwogram edikasyon gouvènman federal la oswa pa eta a, finanse, oswa pou aplikasyon oswa konfòmite avèk egzijans legal federal ki gen rapò ak pwogram sa yo," epi tout enfòmasyon pèsonèl ki idantifye yon moun dwe pwoteje "kont tout divilgasyon oswa itilizasyon," 34 C.F.R. § 99.35(a). Anplis, yon demann ki soti nan men ICE oswa lòt ofisyèl imigrasyon federal pou jwenn aksè nan enfòmasyon pèsonèl elèv ki soti nan dosye edikasyon yo pa ta sanble satisfè okenn nan eksepsyon FERPA yo nan règ jeneral ki di yon paran oswa yon elèv ki kalifye dwe bay konsantman pou divilgasyon bay twazyèm pati yo.

20. Jan yo eksplike li nan Seksyon III a, responsab lekòl yo pa dwe otorize fòs lòd federal yo oswa lokal yo retire elèv yo nan etablisman lekòl la pou entèwoje yo. Anplis, SRO yo pa dwe ede ajan federal yo aplike lwa imigrasyon yo, eksepte nan ka eksepsyonèl ak limite kote gen yon akò fòmèl ant konte ki anplwaye SRO a ak ICE, ki otorize legalman SRO a fè sa.

21. 2019 Joint Immigration Education Guidance la, *nòt 1 anwo a* ; 20 U.S.C. §§ 1232g(b)(2)(A), 1232g(d) ; 34 C.F.R. §§ 99.30, 99.31(a)(1)(i) ; U.S. Dep't of Educ., Privacy Technical Assistance Center, School Resources Officers, School Law Enforcement Units, and the Family Education Rights and Privacy Act (FERPA), kesyon 15, paj 11-12, *disponib nan adrès* https://studentprivacy.ed.gov/sites/default/files/resource_document/file/SRO_FAQs.pdf ("SROs and FERPA").

22. *Id.*

23. 34 C.F.R. §§ 99.31(a)(1)(i); 99.33; 2019 Joint Immigration Education Guidance (2019 Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019), *nòt 1 anwo a*; SRO yo ak FERPA, *nòt 21 anwo a*.

24. G*ade* 2017 and 2019 Joint Immigration Education Guidance (Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2017 ak 2019) yo, *nòt 1 anwo a*.

25. G*ade* anèks la pou kowòdone Biwo pou Pwoteksyon Vi Prive SED la.

26. *Gade* 34 C.F.R. § 99.3 "Enfòmasyon anyè yo."

27. *Gade id.*

28. DeCandia Memorandum (Memorandòm DeCandia), *nòt 18 anwo a*; 34 C.F.R. § 99.37(d).

29. DeCandia Memorandum (Memorandòm DeCandia), *nòt 18 anwo a*.

30. Distri yo dwe enfòme paran yo chak ane sou dwa yo anba lwa FERPA a. Avi sa a, ki dwe parèt byen vizib sou sit entènèt distri lekòl yo, dwe dekri politik distri a konsènan enfòmasyon anyè yo epi enfòme paran yo sou dwa yo genyen pou refize bay enfòmasyon sa yo. 2019 Joint Immigration Education Guidance (Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019), *nòt 1 anwo a*; (DeCandia Memorandum) Memorandòm DeCandia, *nòt 18 anwo a*; 34 § C.F.R. § 99.37(a), 99.7(a)(3)(iii).) Li dwe tou presize ki kategori moun k ap travay nan kanpis lekòl yo yo ki konsidere kòm ofisyèl lekòl ki gen enterè edikatif lejitim nan dosye elèv yo. (Gade 34 C.F.R. § 99.7(a)(3)(iii).

31. Kòm gzanp, yon piblikasyon Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la, "Enfòmasyon pou lekòl yo sou demann ICE pou aksè oswa enfòmasyon," *disponib nan* https://www.mass.gov/info-details/information-for-schools-on-ice-requests-for-access-or-information (dènye konsiltasyon, 22 Desanm 2024).

32. *Gade* anèks la pou jwenn enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent ki lye ak vi prive nan SED.

33. 2017 et 2019 Joint Immigration Education Guidance (Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2017 ak 2019) yo, *nòt 1 anwo a*. Jan yo itilize l nan gid nou an, tèm "otorite imigrasyon federal" ak "ajan imigrasyon federal" yo enkli, men yo pa limite ak, ajan Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini ("ICE"), Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè ("CBP"), Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini, ak sou-ajans yo (ki gen ladan Sèvis Operasyon Aplikasyon Lalwa ak Ekspilsyon ICE yo, Sèvis Envestigasyon Sekirite Entèn ICE yo, ak Patwouy Fwontyè Etazini nan CBP). Tèm sa yo gen ladan yo tou ajan fòs lòd ki soti nan lòt ajans tankou FBI, ATF, oswa DEA. Tèm "ajan fòs lòd" la refere jeneralman ak nenpòt ajan federal, eta a, oswa lokal, menm si ajan an angaje nan aplikasyon lalwa sou imigrasyon.

34. *Gade id.*: SED Counsel's Opinion 67 (Avi Konseye Jiridik SED la, No 67) (7 Mas 1952) ("Otorite lapolis yo pa gen pouvwa pou entèwoje timoun nan lokal lekòl la oswa pou itilize enstalasyon lekòl la nan kad travay yo, epi konsèy [Edikasyon] an pa gen dwa mete timoun yo disponib pou yo pou rezon sa a. Otorite lapolis yo dwe trete kesyon sa dirèkteman ak paran yo."); SED Counsel's Opinion 91 (Avi Konseye Jiridik SED la, No 91) (17 Jen 1959) ("Ajan fòs lòd yo, kèlkeswa kalite yo, pa gen dwa retire yon timoun nan yon lekòl pandan yon timoun prezan regilyèman san pèmisyon paran timoun nan pou entèwoje li" epi "ajan fòs lòd yo pa gen dwa legal pou entèwoje yon elèv nan lekòl la san pèmisyon paran yo."); Gade tou SED Counsel's Opinion 148 (Avi Konseye Jiridik SED la ,No 148) (23 Fevriye 1965) ("Lekòl la patikilyèman pa gen gad elèv la pou otorize ofisye lapolis oswa lòt twazyèm pati pou kesyone elèv oswa pou retire yo nan lokal la pou nenpòt ki rezon."). Pozisyon sa a baze sou plizyè lwa, tankou Lwa Tribinal Fanmi New York (NYFCA) la, epi li deklare tou yo pa ka entèwoje yon timoun kon sa, sof si epi jiskaske paran li oswa gadyen legal li, si li prezan, resevwa enfòmasyon sou dwa timoun nan epi yo gen opòtinite pou yo prezan pandan entèwogasyon an. N.Y. Fam. Ct. Act § 305.2; gade ka Jimmy D., 15 N.Y.3d 417 (2010).

35. Dekrè Egzekitif 170.1, Amannman nan Dekrè Egzekitif 170 la, *nòt 1 anwo a*, ki te antre an vigè nan dat 25 Avril 2018, nan 9 N.Y.C.R.R. § 8.170.1

36. SED la pibliye yon gid separe sou pwosedi distri lekòl yo dwe suiv pou sipòte ankèt ajans pwoteksyon timoun yo sou ka move tretman ak abi. Gid SED la, "Aksè Travayè Sèvis Pwoteksyon Timoun yo ak Elèv yo nan yon Ankèt sou Abi Timoun (22 Avril 2016)), *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/student-support-services/memo-cps-access-to-students.pdf; SED, Chanjman Reglemantè Konsènan Travayè Sèvis Pwoteksyon Timoun k ap Fè Entèvyou ak Timoun nan Lekòl yo (29 Novanm 2016), *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/student-support-services/regulation-change-cps-interview-of-children-in-schools.pdf; *gade tou* Lwa Sèvis Sosyal New York §§ 424 ak 425(1); 18 N.Y.C.R.R. 432.3(i)(2)(ii). Sepandan, pwosedi sa yo espesifik pou envestigasyon ajans byennèt timoun eta a ak lokal yo, tankou ajans Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) nan nivo konte a oswa Administrasyon pou Sèvis pou Timoun (ACS) ap fè, epi yo pa kouvri envestigasyon ajans fòs lòd eta a oswa federal yo ap fèt .

37. N.Y. Veh. & Traf. Law § 142 (Lwa sou Veyikil ak Trafik Eta New York § 142) (ki defini bis lekòl kòm machin yo itilize pou transpò "pou ale oswa pou soti lekòl oswa nan aktivite lekòl").

38. N.Y. Educ. Law § 3635(c).

39. *Gade Pratt v. Robinson*, 39 N.Y.2d 554, 560 (1976) (obligasyon yon lekòl genyen pou l pran swen elèv ki menase ak neglijans yon twazyèm pati pwolonje rive nan transpò lekòl la); *gade tou Williams v. Weatherstone*, 23 N.Y.3d 384, 403 (2014) ("[konsèp in loco parentis la se baz obligasyon lekòl la pou pran swen elèv li yo[.]")

40. *Gade* 8 N.Y.C.R.R. § 156.3(a)(1), (3)-(4).

41. Nan sèten sikonstans, yon grefye nan yon tribinal federal distri ka siyen yon manda jidisyè . Fed. R. Crim. P. 9(b).

42. Mande non ak idantifikasyon yon ajan sèvi yon enterè sekirite piblik enpòtan lè li asire yon moun k ap chèche jwenn aksè ak yon elèv se, an reyalite, yon ajan lapolis. Obligasyon legal pou yon ajan bay non li ak idantifikasyon li, anplis yon manda jidisyè, anvan li arete oswa entèwoje yon elèv ka varye selon jiridiksyon an ak sikonstans yo. Pou egzanp, nan New York, yon ajan k ap mennen yon operasyon aplikasyon lalwa dwe jeneralman idantifye tèt li devan moun ki konsène a, lè li di non li, grad li ak inite li. N.Y.C. § 14-174(b)(1). Sit entènèt ICE la presize "tout ajan ICE pote badj ak pyès idantite, epi yo idantifye tèt yo lè gen yon egzijans sekirite piblik oswa yon nesesite legal ki mande sa." ICE, Kesyon yo Poze Souvan sou Aplikasyon Imigrasyon, *disponib nan adrès sa a:* https://www.ice.gov/immigration-enforcement-frequently-asked-questions (accessed 10/1/25).

43. *Gade* Fòmilè I-200, Manda pou Arestasyon yon Etranje, Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS), *disponib nan adrès sa a:* https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2017/I-200_SAMPLE.PDF, oswa DHS, Egzanp Fòmilè I-205 ICE, Manda pou Ekspilsyon/Depòtasyon, *disponib nan adrès sa a:* https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2017/I-205_SAMPLE.PDF.

44. *Gade Arizona v. Etazini*, 567 U.S. 387, 407 (2012) (sitasyon pa enkli); *gade tou People ex rel. Wells v. DeMarco*, 88 N.Y.S.3d 518, 530-31 (2d Dep't 2018).

45. *Gade pou egzanp,* Fòmilè I-247D nan DHS, Demann pou Retansyon Imigrasyon—Demann pou Aksyon Volontè, *disponib nan adrès sa a* https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2016/I-247D.PDF. Malgre fòmilè sa a gen ladan yon kaz ki pèmèt ICE endike "Genyen yon Motif Rezonab pou Kwè Moun nan se yon Etranje yo ka Depòte," sa pa konstitiye, pou kont li, yon rezon ki fè yo kwè moun nan te komèt yon enfraksyon penal.

46. Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019, *nòt 1 anwo a*.

47. *Gade pou egzanp;* U.S. Const. amend. IV (Konstitisyon Etazini, Amannman IV); *In re Gregory M.,* 82 N.Y.2d 588, 594 (1993) (ki deklare estanda "sispèk rezonab" ki pi ba a pou fouye ak kesyone elèv yo aplike sèlman lè fouy la "fèt pa ofisyèl lekòl yo pou bezwen espesyal sekirite lekòl la epi non pa pou yon rezon ankèt kriminèl"); *gade tou* SED Counsel's Opinion 148 (Avi Konseye Jiridik SED 148) la (23 Fevriye 1965) ("Etablisman lekòl la patikilyèman pa gen gad sou elèv yo pou l otorize ajan fòs lòd oswa lòt twazyèm pati pou entèwoje elèv yo oswa retire yo nan lokal la pou nenpòt rezon."); *gade tou G.M. ex rel. B.M. v. Casalduc*, 982 F. Supp. 2d 1235, 1249-50 (D.N.M. 2013) (lis desizyon Dizyèm Awondisman an ki konsidere ajan sekirite lekòl yo (SRO) kòm responsab lekòl lè y ap aji pou asire sekirite lekòl la oswa aplike règ lekòl yo sou direksyon yon responsab lekòl).

48. *Gade tou* 2019 Joint Immigration Education Guidance (Gid Konjwen Edikasyon sou Imigrasyon 2019) la.

49. *Gade Id.*

50. *Gade pou egzanp,* N.Y. Const. Art. 1, § 11; N.Y. Exec. Law § 296(4); N.Y. Civ. Rights Law § 40-c; Title VI, Civil Rights Act of 1964, Pub. L. No. 88-3520, 78 Stat. 252 (1964) (kodifye jan li te modifye nan 42 U.S.C. § 2000d) ("Lwa sou Dwa Sivil yo").

51. *Gade pou egzanp, Gonzalez ex rel. Doe v. Albuquerque Pub. Schs.,* No. CIV 05-580 JB/WPL, 2006 WL 1305032, at *3 (D.N.M. 17 Janvye 2006) (ki te rejte demann defandè yo pou rejte reklamasyon pou pwoteksyon egal apre ajan sekirite lekòl yo (SRO) te entèwoje elèv san papye yo sou estati imigrasyon yo sou teren lekòl la); *Benacquista v. Spratt*, 217 F. Supp. 3d 588, 601-02 (N.D.N.Y. 2016) (rejte demann pou ekate plent yon elèv ki te di distri lekòl la pa t aji oswa pa t sipèvize yon SRO).

52. N.Y. Educ. Law § 2801-a(10).

53. Yo rekòmande lekòl yo konsilte dokiman ki gen tit "*Recommendations for a Memorandum of Understanding Between Schools and Police* (*Rekòmandasyon pou yon Memorandòm Antant Ant Lekòl yo ak Lapolis)*," Inyon Libète Sivil New York (New York Civil Liberties Union) pibliye 13 Desanm 2019, *disponib nan adrès sa a:* https://www.nyclu.org/uploads/2019/12/mou_recommendations_for_schools_and_police_0.pdf.

54. Yo rekòmande pou politik distri lekòl yo gen ladan yo yon dispozisyon ki deklare sa ki annapre yo: Pa gen anyen nan politik sa a ki entèdi yon ajans lokal transmèt oswa resevwa nan men yon ajans lokal, eta oswa federal — nan akò avèk seksyon 1373 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an (8 U.S.C. § 1373) —

(i) enfòmasyon konsènan nasyonalite yon moun oswa (ii) yon deklarasyon konsènan estati imigrasyon moun sa a.

55. Dignity for All Students Act (Lwa sou Dignite pou Tout Elèv) ("DASA"), N.Y. Educ. Law §§ 10-18, 801-a, 2801 (Lwa sou Edikasyon Eta New York §§ 10-18, 801-a, 2801;) 8 N.Y.C.R.R. § 100.2; N.Y. (Lwa Egzekitif Eta New York § 296(4); Tit VI, Civil Rights Act (Lwa sou Dwa Sivil), *nòt 43 anwo a*. Pwoteksyon sa yo kouvri elèv yo pa sèlman nan lokal lekòl la, men tou pandan aktivite lekòl yo ak nan ka entimidasyon sou entènèt. N.Y. Educ. Law §§ 11-12 (Lwa sou Edikasyon Eta New York §§ 11-12).

56. SED, *T*he Dignity Act Resources (Resous ki gen rapò ak Lwa sou Diyite), *disponib nan adrès sa a:* https://www.nysed.gov/student-support-services/dignity-act-resources; *see also* 2017 DASA Memo (Memorandòm DASA 2017), *supra* note 1.

57. *Id.*; N.Y. Educ. Law §§ 10-18.

58. N.Y. Civ. Rights Law § 79-n.

59. *Gade* anèks la pou plis enfòmasyon sou ki jan pou depoze yon plent nan Inite Prevansyon Krim Rayisman ak Prejije Biwo Pwokirè Jeneral (OAG) la.